# Ministrler Keńesi Baslıǵı Ámiwdárya rayonındaǵı 56-sanlı mektep oqıwshıları menen ushırastı

Búgin jańa oqıw jılı baslandı. Oqıwshılar kewlinde sheksiz quwanısh penen mektep bosaǵasına asıqpaqta. Usı múnásibet penen Ministrler Keńesi Baslıǵı Qaxraman Sariev Ámiwdárya rayonındaǵı 56-sanlı mektepte bolıp oqıwshılar menen ushırastı.

2020/2021- oqıw jılında  56-sanlı mekteptiń 11-klasın jámi 77 oqıwshı pitkerip shıqqan bolıp, sonnan 55 pitkeriwshi yaǵnıy 71,2 procenti joqarı oqıw orınlarına qabıl etildi. Mekteptiń texnologiya páni baǵdarındaǵı variativ klasınıń 25 pitkeriwshisiniń barlıǵı student bolıw baxtına eristi.

Image not found or type unknown

«Búgin Sizler ushın quwanıshlı kún. Jańa oqıw jılınıń baslanıw menen qádirdan mektebińiz, húrmetli ustazlarıńız qushaǵına qaytpaqtasız. Bunday quwanıshlı kúnde sizler menen birge bolıp húrmetli Prezidentimizdiń sawǵaların tapsırıp atırǵanımnan júdá quwanıshlıman. Búgingi quwanıshlı bayram menen sizlerdi shın júregimnen qutlıqlap, kámil insan, elimizdiń ardaqlı  perzenti bolıp jetisiwińizdi tileymen. Sonıń menen birge pitkeriwshleriniń joqarı oqıw orınlarına qabıl etiliwinde miynet etken ustazlarǵa ózimniń minnetdarshılıǵımdı bildiremen» dedi Qaxraman Sariev.

Image not found or type unknown

Iláj dawamında Ministrler Keńesi Baslıǵı Qaxraman Sariev 56-mektep direktorı Arzıgúl Xudaybergenova, Texnologiya páni oqıtıwshıları Azimboy Saparbaev hám Xushnud Charshamovlarǵa Qaraqalpaqstan Respublikası «Xalq bilimlendiriw aǵlası» sonday-aq, qımbat bahalı sawǵalar tapsırdı.

Image not found or type unknown

Jańa oqıw jılı ushın mámleketimiz Prezidenti tárepinen 1-klassqa qádem qoyıp atırǵan oqıwshılarǵa jiberilgen sawǵalar tapsırıldı. Oqıwshılar menen birge dáslepki sabaqlıqlar baslandı.

Image not found or type unknown